ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

АДЫГЭ ЛЫГЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№241 (22.399) • 2012 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 15, щэбэт • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр соми 3-щ • adyghe@mail.ru adygeale.ru

Властым и партыр мэлажьэ

● Дыгъуасэ

«Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм Налшык къалэ щригъэкIуэкIащ XXII конференцыр. ЗэлушIэр къыщыдэIуихым политикетым и секретарым и къуэдзэ Жэрыкъуэ Борис щIалэ партым и щIыналъэ къудамэм и отделенэ15 **республикэм зэрыщылажьэр, абыхэм цIыху 46.176-рэ къыздэсыгъэщIаубыдэр.**

АБЫХЭМ къабгъэдэкI делат 249-рэ цIызэхуэса конференцыр зэрылажьэну жыпхъэр яубзыхуэ, мандат, къызыбж, редакцэ комиссэхэр згъэбелджыла нэужь, зэIущIэр къызэIуахащ.

Я1пэу псалъэ ираташ КЪБР-м и Iэтащхьэ, «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и совет нэхъыщхьэм хэт **Къанокъуэ Арсен.** Абы кыхигъэщащ ди къэрал унафэщIхэм я нэIэ щIэт политикэ партым увыпIэ хэха зэриIэр, цIыхубэм дэIэпыкъуэгъушхуэ зэрахъэхъур, я дзыхь зэрыраГъэзыр, экономикэ, политикэ, жылагъуэ щытыкIэр куэдкIэ абыхэм зэрелытар.

- БгъэкIа илъэсхэм лэжьыгъэ купщIафIэ екIуэкIащ ди щIыналъэ къудамэр ефIэкIуэныжмкIэ, ди цIыхухэм я псэукIэм зиужьныжмкIэ, - жиIащ Iэтащхьэм. - ЕкIуэкIа хэхъыныгъэхэм кIыарихуэхэми партым хэтхэм я бжыгъэм зэрыхэхъуэми къагъэлъагъуэ «Урысей зэкъуэт» партым и пщIэр зэрыпнир, нэхъри зэрызэубгъур.

Дуней псом къыщекIуэкI политикэм зехъуэж, зэманыр мэкIуатэ, Iэмалыщ Iэхэр къыхуокI, апхуэдабзэуи гугъуехьхэр кIуоныжу. Путин Владимир УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам къызэрыхигъащащи, къыкIуэну илъэсхэм лэжьыгъэшхуэ кьытпэщылъщ, дуней псом зэхъуэкIыныгъэшхуэхэр къызэрыщыхъунум ипкъ иткIэ. Дэ, властым и партым хэтхэр, сыт хуэдэ зэхъуэкIыныгъэхэми дыхуэхьэзыру дыщытын хуейщ. Абы папщIэ ягъуэ дызэлэжьыпхъэр ди республикэм жылагъуэ щынагъуэнщагъэр, зэпIэзэрытыныгъэр къыщызгъэпэщыным хуэунэгъэр, зэпIэзэрытыныгъэр къыщыгъэпэщыным хуэунэтIауэ къару псори зэщIэдгъэуIуэнырщ. Къэрал УнафэщIым Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам нэхъыщхьэу къыщигъэхьагуэ унэтIныныгъэ псомкIи щIыналъэ къудамэр жыжьэру лэжьэн хуейщ, гъащIэм и сыт хуэдэ лъэныкъуэми хунэсу, цIыхубэм яхьыхьэу, псэукIэр ираГъэфIакIуэу. Нэхъыщхьэр - цIыхубэр зыхуей-зыхуэфIэхэр къэльытауэ ар зэфIэгъэкIыным и ужь итынырщ, зэкъуэтныныгъэмрэ зэпIэзэрытныгъэмрэ папщIэ щIапхъэхэр пхыгъэкIырщ.

Комиссэхэм я тхьэмадэхэр къэпсэлъа нэужь, псалъэ ираташ Профсоюзхэм я Федерацэм и унафэщI **Амщыкъуэ ФатIимэт.** Ар тепсэлъыхьащ «Урысей зэкъуэт» политикэ партымрэ Профсоюзхэм я Федерацэмрэ зэгъусэу ирагъэкIуэкI лэжьыгъэхэр зыхуэдэм, абы кьыпэкIуэ Iуэхуфlхэм, дзянэкIэ гу нэхъ зыльытапхъэхэм, нэгъуэщI хэми.

АдэкIэ псалъэ зрата, УФ-м и Къэрал Думэм и депутат **Щхьэгуэш Адэлбий** кьыхигъэщащ «Урысей зэкъуэт» политикэ партым лэжьыгъэщхьэ Iуэху зиГъэригъэкIуэкIыр, абы и фIыгъэкIэ ерагъэ псом псэукIэм зэрызыщиужьар. Партым къыхихьха проектхэм ящыщу Къэбэрдей-Балъкъэрым нэхъ къыхуэщхьэпэну кьылъытэ Iуэху зиГъэщым тепсэлъыхьащ Щхьэгуэшым. Абыхэм ящыщ «Бассейн 500» проектыр, абы папщIэ федеральнэ бюджетым сом мелуан 70-р, республикэм - сом мелуан 30-р, сом мелуан 20-р еджанIэ нэхъыщхьэм хелъхьэ, етIуанэ я «Сабий садхэр - сабийхэм» проектым республикэр иджыри хэтмэ, гъэсанIи 10 щащIынущ. Иджырей пэлитикэ щытыкIэм щитепсэлъыхьым, депутатым жиIащ абы и лъэныкъуэкIэ ди лъахэм щекIуэкI лэжьыгъэр къэрал властым я пащхьэ убзыхуауэ зэрыралъхьэр икIи шынагъуэнщэу щымыт КИФЩI-м и щIыналъэхэм апхуэдэ политикэ IуэхуфIхэр къыщохъуIэныр зэрымытыншыр зэрыгурагъаIуэр къыхигъэщащ.

АдэкIэ зэIущIэм кьырхьэлIаэкр едэIуащ политоветым и секретарым и къуэдзэ **Жэрыкъуэ Борис.** Ар убгъуауэ тепсэлъыхьащ кьыпщытэж лъэхъэнэм кьриубыдэу партым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм зэфIигъэкIаХэм. Борис къыхигъащ я къару нэхъыщхьэхэр зэхъэлIауэ щытар: «Урысей зэкъуэт» партым къыхилъха Iуэхуэхэр зэфIэхыным, ди республикэм и социально-экономикэ зыужьныныгъэм нэхъ ерыщу егугъэныр, цIыхубэм я псэукIэр егъэфIэкIуэныным хуэхэл лъэпкъ, партпроект нэхъыщхьэхэр гъащIэм хэпщэныр. Сыт хуэдэ унэтIныныгъэми екъуалIэныгъэхэр зэрыщыдгъэхьар, къэрал унафэщIхэм къыхалъхьэ Iуэхуэхэр зэрядаIыгъар, ахэр республикэм ифI хэльу къэгъэсэбэпныным и ужь зэритар жиIащ къэпсалъэм.

АдэкIэ, партым и установым зэритым хуэдэу, конференцым и делегатхэм щIыналъэ къудамэм и унафэщIу хахынум и кандидатурэхэр Iэ1эткIэ къыхалъхьащ. ИужькIэ екIуэкIа хэхъныныгъэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и политоветым и секретару хахащ КъБР-м и Парламентым и депутат Бозий Натбий, апхуэдэуи щIэныщIэу хахыжащ щIыналъэ политоветымрэ къэзыпщытэ-къэзыбж комиссэмрэ хагъэхьэныхэр.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

● ДифI догъэлъапIэ

Бахьсэн куейм хьихь Зенкьуэ кьуажэм щыщхэу Джэдгъэф Асльэмырзэ Исуф и къуэмрэ Къэрэнашэ Хьусен Топаш и къуэмрэ кьыщальхуа махуэщи, дохьуэхьу

Зенкьуэ адыгэ жылэжьым и нэхъыжьыфIхэм ящыщ Джэдгъэф Асльэмырзэ гъащIэ кIыхь икIи купщIафIэ къэзыгъэщIа цIыху акьылыфIэщ. И илъэс 90-м кьриубыдэу Асльэмырзэ пэрытащ жэуапIныныгъэ зыпыль Iэнатlэ куэдым, дэтхэнэри иригъэфIакIуэу. Къэралым, республикэм я тхьацэр зи нэгу щIэкIа, абы и зыужьныныгъэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыща хэкупсэщ Джэдгъэфыр. А псори абы кьыщIидуэтэжащ и тхьылъхэм, тхыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм.

Нэхъыжьыфым и щапхъэм ирокIуэ и къуажэжьгу щIалэ Къэрэнашэ Хьусени. Ар илъэс 60 ирокIу. Инженер Iэзэр, механик Iэкlуэльакlуэр дапщэщи щапхъэ игъэльапIэуэу пэрытщ дзыхь кьыхуащI Iэнатlэм.

Псэ кьабзэкIэ зи дунейр гъэнщIа, зи псальэхэмрэ зи IуэхущIафэхэмрэ дахэ, жылэм пщIэрэ нэмысрэ щыIэпэ лIы щэджащэхэм дохьуэху я узынщагъэрэ я гуащIэрэ мыкIуэщу, дзэрэжэгъуэ яIэу, быным, щIэблэм я насыпым я псэр иГъэгъфIэрэ я гум екуэблIэу псэуну, зи пльыр жьэгуэхэр уэрдзэуну, хьэщIэ етIыгъэхьпIэрэ унапIэ махуэу щытыну, гъащIэм гущIыхуэрэ абы и Iэфыгъэ псори зыхащIэу куэдрэ дунейм тетыну.

ПщIэ кьыфхуэзыщI фи ныбжьэгъуэхэр.

Газетхэмрэ журналхэмрэ къезыгъэхьхэм щхьэкIэ

Федеральнэ пощт эпыщIэныгъэм и Управленэу КъБР-м щыIэм - «Урысейм и пощт» федеральнэ къэрал предприятэ зэгуэтым и къудамэм и Iуэхущ1апIэ псоми етIанэгъэ и ятрэ илъэс ныкъуэм газетхэмрэ журналхэмрэ къезыгъэхьыныхуэм Iэ тегъэгъэдэжьым щыщIадзащ 2012 гъэм фокIадэм и 1-м.

Фыдзыхьэх газетхэмрэ журналхэмрэ 2013 гъэм и ятрэ илъэс ныкъуэм къевгъэхьыну Iэ щытедзэ хъунущ ахэр и чэзум унэм ныфхуэзыхьыну е пощт эпыщIэныгъэмкIэ Iуэхущ1апIэхэм къыщыбзэытыжыну щэсIпIэу къэув пощт Iэнатlэхэм.

Газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ зэрыщыщIадзым пыщIа Iуэху псоми пощт эпыщIэныгъэмкIэ къудамэхэм я лэжьакIуэхэм щхьэхуэу фыхагъэгъуэзэнущ.

Iэ тедзэнщ фымыгъэгъуэ, и кIэ дыдэм нэмыгъэ.

ФПС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр управленэ - «Урысейм и пощт» ФГУП-м и къудамэ.

Ди щIэдэжькIакIуэ лъапIэхэ!

Мазихым ди газетым и уасэщ сом 356-рэ кIэнIейкIи 10-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Iэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт Iуэхущ1апIэ псоми.

Ди индексыр 51531

Дунейм щыхъыбархэр

«Илъэсым и цIыхуу» къалъытэхэр

США-м къыщыдэкI **«Тайм» журнал цIэрыIуэм ефджэхэм я нэхъыбапIэм «Илъэсым и цIыху» къалъытащ КНДР-м и унафэщI Ким Чен Ын. Абы и тепльхьэу ИнтернетымкIэ Iэ яIэтащ щIыху мелуани 5,6-м.**

Абы и «ныкъуэхъуэгъуу» щытащ Америкэм и президент Обамэ Барак, и къэрал секретарь Клинтон Хиллари, я спортсмен цIэрыIуэ Фелпс Майкл, зыхуэмыарэзы къэралу унафэщIэху Мурси Мохаммедрэ (Мысыр) Асад Башаррэ (Сирие) сымэ.

Е1эз журналым апхуэдэ пщIэ зыхуэфащуу кьилъытащ Америкэм и президент Обамэ Барак, и къэрал секретарь Клинтон Хиллари, я спортсмен цIэрыIуэ Фелпс Майкл, зыхуэмыарэзы къэралу унафэщIэху Мурси Мохаммедрэ (Мысыр) Асад Башаррэ (Сирие) сымэ.

Е1эз журналым апхуэдэ пщIэ зыхуэфащуу кьилъытащ хэтми нэхъ иужькIэ хэIущIыIу ищынущ икIи абы и сурэтыр зи чэзу кьыдэкIыгъуэм и жинтым тридзэнщ. Пэжщ, журналымрэ цIыхубзмрэ я Iуэху епльыкIэхэр абы и лъэныкъуэкIэ щызэтехуа иджыри къэс къэхъуэкым.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, «Тайм»-м «Илъэсым и цIыху» 2007 гъэм къильытауэ щытащ УФ-м и Президент Путин Владимир.

Хабзэщ1эм хуэкIуэжьну?

УФ-м и цIыхухэм я дежкIэ хабзэу уву хуэжьащ я зыгъэпсэхугъэхэр хамэ къэралхэм щагъэкIуэныр. Гъэмахуэм нэхъыбэм зыщагъэпсэхуэр Тырхурщ, щIымахуэм - Финляндиэм, Португалиэм, Испаниэм.

Гугъуехь лъэпкъ хэмылIу уздэкIуэфыну къэралхэм мыгувэу къаухъуэнкIэ хъунущ Монголиери. Совет Союзым и лъэхъэнэм визэнщэу зэкIэлъыкIуэу щытащ ди къэралхэм я цIыхухэр, 1995 гъэм Улан-Батор и жэрдэмкIэ, а хабзэм кьытекIуэу щытащ.

Урысей Федерацэм хамэ къэрал Iуэхухэмкlэ и министрым зэрыжиIамкIэ, Монголиер хъэзырщ визэнщэ хабзэм хуэкIуэжьну. Абы щогуфыкI къэралитIми я туристхэр.

Нэхъ цIыкIу дохьу

Иджырей урысей цIыхум ику иту и лъагагъыр зэрыкъыр сантиметри 173-рэщ. Илъэсищкlэ узэIэбэкIыжмэ, ди къэралым и цIыхухэр сантиметри 8,5-кIэ нэхъ лъагэу щытащ.

Дохутырхэм ар ирагъ дунеим кьыщыхьуэ зэхъуэкIыныгъэхэм. ПхужьIэныкъым абыхэм ящыщ куэд дыдэу узынщагъэм дежкIэ сэбэп хъуауэ. Атlэми, цIыхум Iэпкъльпкъым зыхуэдэнур куэдкIэ ельытащ абы и псэукIэм: ишхым, и дуней тетыкIэм, щIыуэпсым и щытыкIэм, апхуэдэуи зыхуейзыхуэфIэхэмкIэ кьыззэрызэгъэпащ щIыкIэм.

Цыху Iэпкльпкъым тэмэму зыщIимыужьым и щхьэусыгъуэзэр зыдж клиникэхэм нэхъыбэрэ зыщIыхуагъазэ хъуащ Урысейм. Апхуэдэ центрхэм ящыщ Муслимов Муслим зэрыжиIэмкIэ, зи лъагагъым хэзыгъэхъуну щIэхъуэпс цIыху 20 зы мазэм кьриубыдэу операцие ящI.

Нэхъ лъагэ дыдэу дунейм тетыр голландцэрщ. Абыхэм ику иту я лъагагъыр сантиметри 183-рэ мэхъу. Нэхъ цIыкIу дыдэхэр Хорве Ищхьэрэм и цIыхухэрщ - сантиметри 153-рэ.

Мы махуэхэм

Дыгъэгъазэм и 15, щэбэт

□ УФ-м Iэщ1кIэ Зэщ1хуэзэда и Къарурэм я радиотехникэ дзэхэр кьыщызэрагъэпащ махуэщ (1951 гъ.)

□ 1699 гъэм Петр Езанэм и унафэкIэ, Урысейр Юлиан махуэгъэпсым хэхIуащ. 1700 гъэм кьыщыщIадзауэ илъэсыщIэр кьыщрагъэхьэщIыщыпсым и 1-рщ, зэрыщыгъа фокIадэм и 1-м и пIкIэ.

□ 1905 гъэм Москва Пушкин и унэр - дунейпсо литературэм и институтыр - кьыщыгъэIуэкащ.

□ Тхьэдэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щыIэхь зиIэ и лэжьакIуэ **Мамбэт Хьэлым** къызэралъхьэрэ илъэс 87-рэ ирокIу.

□ Химие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Дзу Iабубачыр** къызэралъхьэрэ илъэс 84-рэ ирокIу.

□ Тхьэдэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Ло Инал** къызэралъхьэрэ илъэс 81-рэ ирокIу.

□ Композитор **Къэзан Аслъэнджэрий** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокIу.

□ КъБР-м щIыкIэ зиIэ и журналист **Мыз Майе** къыщалъхуа махуэщ.

□ КъБР-м и Парламентым и депутат **Мэремыкъуэ Сэфарбий** и ныбжьыр илъэс 57-рэ ирокIу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым къызэритымкIэ, Налшык уэс къыщIесынущ. ЩIыIэр махуэм градуси 4 - 3, жэщым 5 - 4 щIыхьэнущ.

Дыгъэгъазэм и 16, тхьэмахуэ

□ 1931 гъэм Москва «Романэ» цIыджэн театрыр къыщызэIуахащ.

□ ТхакIуэ, драматург, щIэныгъэлI, УФ-м гъэзджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Шортэн Аскэрбий** къызэралъхуа махуэщ.

□ КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткIэ **Кушмэзокъуэ Iэсият** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым къызэритымкIэ, Налшык уэс къыщIесынущ. ЩIыIэр махуэм градуси 5 - 3, жэщым 9 - 7 щIыхьэнущ.

Дыгъэгъазэм и 17, блыщIэ

□ **УФ-м и къарал фельдъэгер кьулыкIуэм и лэжьакIуэхэм я махуэщ**

□ **Стратегие мыхьэнэ зиIэ ракетэдзэхэм я махуэщ.**

□ Нэмыщ композитор щэджащэ **Людвиг ван Бетховен** къызэралъхурэ илъэс 242-рэ ирокIу.

□ Режиссер-балетмейстер **Гъубжокъуэ Болэт** къызэралъхурэ илъэс 80 ирокIу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым къызэритымкIэ, Налшык уэс къыщIесынущ. ЩIыIэр махуэм градуси 7 - 6, жэщым 11 - 7 щIыхьэнущ.

ПIанэрэр зыгъэхьэзыр ЖЬЭКIЭМЫХЬУ Мариэт.

Лъэпкъ Iуущ1ыгъ:

Акъылым и лъапсэр чэнджэщщ.

УсакIуэ цIэрыIуэхэр ягу къагъэкIыж

КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ, СССР-м, РСФСР-м я Къэрал, Ленин саугъэтхэм я лауреат Кулиев Къайсын къыщалъхуа махуэм ирихьэлIэу зэхьэхьэ зыбжанэ екIуэкIащ.

КУЛИЕВЫМ и цIэр зезыхьэ проспектым щагъэува и фэеплъым дежь дыгъэгъазэм и 14-м цIыхушхуэ щызэхуэсат. Абы яхэтт усакIуэм и благъэхэр, IыхьлыхэрI, ныбжьыгъэхэр, лъэпкъ интеллигенцэр, курыт едыкIэпIэхэм щIэсхэр, и усэхэр фIыуэ зыльагъуэхэр. УсакIуэ гъэзэджэм и фэеплъым туэ гъэзыхьэр тралъхьа нэужь, зэхуэсахэр кIуащ Кулиевым и ныбжьыгъуфIу щыта, зауэм щигъуэа, КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ, Социалист Лэжьыгъэм и Лыхьужь КIыщокъуэ Алим и фэеплъым дежи икIи абыи удэ гъэгъахэр тралъхьащ.

Кулиев Къайсын кьызэралъхурэ илъэс 95-рэ зэрыкъым теухуа зэхьэхьэхэм щыпащащ усакIуэр къыщалъхуа икIи щыщIалъхьажа Шэджэм къалэм, абы дэт и феплъ-музеим. Музеим щахъуэмэ усакIуэм къыщIэна хьэпшыпхэр, тхьилъхэр, дэфтэрхэр, сурэтхэр. КIыхьлыгъэм абы зыщапIыхьащ, усакIуэм и гъащIэмрэ и гуащIэмрэ тепсэлъыхьащ, и усэхэм къеджащ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

■ Зэлушlэхэр ■ Малъхэдис ■ ТВ, радио нэтынхэр

КЪЭБЭРДЕЙ

Щэбэт къыдэкIыуэ

● Терроризм пэщIэтынымкIэ лъэпкъ комитетым къет

КъБР-м щIэпхъаджащIэу плIы щаукIащ

Террорым пэщIэтынымкIэ лъэпкъ комитетым и хъыбарегъащIэ центрым щыгъуазэ къэзыгъэкIа Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и оперативнэ штабым дыгъэгъазэм и 11 - 13-хэм иригъэкIыжкIа лэжьыгъэм кьрикIуахэм.

ШынагъэшнагъэмкIэ федеральнэ къулыкъушIапIэм и Управленэу КъБР-м щIэныжьэ Къэрал кIуащI Iуэхухэмкlэ министерствэу КъБР-м щыIэмэ зэщIыгъуэу терроем пэщIэтынымкIэ теухуа лэжьыгъэ хэхахэр щрагъэкIуэкIыж, Тырныауэ кьалэм и Iэшъльашэхэм, Прохладнэ-Iуащхьэмахуэ автомобиль гъэзуагъ и 55-нэ километрым хуэзэу, ВАЗ автомашинэр къыщагъэувыIэну хэтащ. Ауэ абы исам кIэрахъуэ кьурихри, полицэм и лэжьакIуэхэм ящыщ зым и пщэм хуэзэу кьеуэри кьиуIащ. Хабзэхьумэхэм абы и жэуапу Iэщ1эр къагъэсэбэпащ икIи щIэпхъаджащIэр яуклащ. КъызэрыщIэкIамкIэ, ар Тырныауэ кьалэм щыщ, 1983 гъэм кьалъхуа Тебуев Маратщ.

АдэкIэ хабзэхьумэхэр Тебуев Марат щыпсэуа унэу Тырныауэ кьалэм дэтым кIэри, абы щэхурылажьэ бзаджащIэхэм хэтхэм ящыщу щы къыщыдгъуреихьащ. ЩIэпхъаджащIэхэр щауфыдкIэ къызэрыгуякI щыхуэм зыжьыгъэ къатемыкьым папщIэ, КъБР-м и оперативнэ штабым унафэ къыщтащ Тырныауэ кьалэм террорым пэщIэтынымкIэ лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкI щыпIэм и хабзэр щагъэувыну.

КъБР-м и оперативнэ штабым и унафэкIэ, щIэпхъаджащIэхэм зыкъатыну хуагъэуващ, уеблэмэ абыхэм я Iыхьлыхэри ирагъэпсэлъащ. Ауэ къыхъурейихьахэм зыкъатын ямыдэу автоматкIэ къауэу, гранатахэр кьагъэсэбэпу хуежьащ. А зэхуэсым бзаджащIэхэм я зэхъэлъэн илыкIащ щхьэгурылажьэ бандэхэм яхэту зыхуагъэфащэ щыхуищри.

НыкIахэмя ящыщ зыр хэтащ иджьыпту зэхагъэкI, адрейхэр 1990 гъэм кьалъхуа Будраев Азэмэтрэ 1988 гъэм кьалъхуа Энеев Арт-туррэщ. Ахэр бзаджащIэ гупхэм иджы дыдэ яяхьыхуэу икIи щэкIуэгъуэ мазэм и кIэухым зэгъэпщкIуауэ арат.

Хабзэхьумэхэм кьызэрахутамкIэ, бзаджащIэхэм террорист щIэпхъаджагъэ зыбжанэ ялажьыну, республикэм властымкIэ и органхэм я лIыкIуэхэм, хабзэхьумэ органхэм я лэжьакIуэхэм, хьэрычтыщIэ щхьэхуэхэм я тепсэлъыхьэзырыт.

ЩIэпхъаджащIэхэр къаубыдыным теухуауэ лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкIыным Къэралкlуэ Iуэхухэмкlэ управленэ нэхъыщхьэу Москва къалэм щыIэм и ОМОН-м и гуп щхьэхуэм и унафэщI, майор Князев А. Н. хэкIуэдащ, пlощ1ыгъ и лэжьакIуэу тIу уIэгъэ хъуащ.

Зэхуэсыр щекIуэкIа щIэпIапщытыкIым, лагъым Iэрыщ1хэр щагъэхьэзащ лабораторэ, абы щащIа лагъым зыбжанэ, автомату щы, кIэрахъуэ, шэуэ куэд къагъэуащ.

Пашэныгъэр зыIэщIамыгъэкIыну я мурадщ

Республикэм и военкоматхэм я зэпеуэм мы гъэм щытекIуащ Бахьсэн кьаэр, районыр, Дзэлыкъуэ куейр кьызэщIэзэыубыдэ дзэ комиссариат зэгуэтащ.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ кърикIуэ-хэр щызэхальхьэжьым кьалъытащ щIыпIэм дзэ учетыр зэрыщыгъэувыр, кьуажэхэмрэ кьалъхэмрэ я самоуправленэм и органхэм зэрадэлажьэр, цIыхухэм зыкьыIэрыхуагъаэзм зэрыхэплъыр.

«Дэ апхуэдэ екъулIэныгъэ къэтхъыныгъэшъ, куей, кьалэ унафэщIхэр кьыдэмыIэпыкъуамэ, - жиIащ военкоматым и унафэщI Багъ МуIэд. - Сыщажэ ХьэсэнрэХьэщIащ СулътIанрэ сыт щыгъуэ дыдэхащIыкI, зыкьытщIагъакъуэ».

ТекIуахэр нэгъабэ ещанэу щытащ, иджы я мурадщ дзянэкIэ пашэныгъэр зыIэщIамыгъэкIыну.

ЦЕКЪУ ПIатI.

Увыпlэ лъагэ иIыгъщ

Зэманым декIуу зи лэжьыгъэ кьезыхьэлIэ Iуэхущ1апIэ нэхъ нихэм хабжэ «Гидрометалдуг» заводыр.

ЗЫХУЕЙ-ыхъуэфIэкIэмкIэ узэда Iэнатlэр нобэ йолжэ вольфрамым и анпидридымэр аммонием и паравольфраматымрэ. Технологиещ1эхэм я фIыгъэкIэ, вольфрамыр зи гъусэу кьыщIах пкъыгъуэм тыншу кьыхагъэкъабзыкI, экологием и кьабзагъэмэ эрах хуэмыхьуу. Мы зэманым «Гидрометалдуг» заводыр екъулIэныгъэкIэ ядолажьэ Германием, Австриеи, Швециеи. Апхуэдэ зэпыщIэныгъэхэм заводым Iэмалыщ1эгъэкIырат, дунейпсо Iуэху зехьэкIэ хабзэхэм хуиту хегъэзагъэ.

Iуэхущ1апIэм и зэфIэкIыр ипжIэ егъэгъыл Iэзагъ ин зыбгъэдэль Iэщ1агъэлIэхэр зэрилэм. Абыхэм ящыщщ заводым и льабжьэр щагъэпIыдлым хэта лэжьакIуэфIхэри.

Иужьрей илъэситIым Iуэхущ1апIэм и зэфIэкIым хэгъэхьэныжрэ зэманым декIу зэхьэхьэныныгъэхэр лэжьыгъэм хэлъхьэныжрэ сом мелуан 40-м нэблагъэ трагъэкIуэдащ. Сыт хуэдэ лъэпощхьэпохэм заводыр IущIами, абы зэрыпэщIэтын кьару къызыкIуихыу, экономикэм махуэ къэс кьыщыхьэ зэхьэхьэныныгъэхэм задригъэкIуу кьокIуэкI. Апхуэдэу мыбы и Iэщ1агъэлIхэм я лэжьыгъэм хапщащ гидрометалдургием зегъэужьныныкIэ Iуэнейпсо мыхьэнэ ин зиIэ технологиещ1эу 6. Щэч хэлъкъым дызытехьэ 2013 гъэм «Гидрометалдуг»-м и зэфIэкIхэм адэкIи кьыззэрыхагъэхъуэнум.

ЛЬОСТЭН Музэ.

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

●Дунейм и телъыджищэ

Мароккэ зэрыгушхуэ Фес кьалэр IX лIэщIыгъуэм яухуащ. Иджы абы щопсэу зы мелуаным щIнгъу икIи и цIыху бжьыгъэкIэ Мароккэ и кьалэ нэхъ инитIым ещанэщ. Ар щэнхабзэ, экономикэ, дин Іуэхуэмкіэ нэхъ зызыужьыхьэм ящыщщ, сату щIыпIэхэмкIэ бейщ.

● Гупсысэр - псалъэкIэ

Гъащ1э жыг

СИ ЛЪЭБАКЪУЭХЭР сфIэину счыми, хэзгъэщIыр машIэщ, гъащIэ жыгым сыдопщей. Си Iэгуфэр щIхами, сольэпластхъэ. Зэ̀ззмызэ сыкьэувыIэурэ си яп̀э итхэм сахудопльейри, сохьуапсэ, си фIэщ хъуркъым абыхэм хуэдэу сэри жьыкьэ сынэсыну, ауэ кьыскуеплъыхьэр кьыскIэнакIэу кьысщохьыри, абы сыкьеГъэгубжь. СыкьыэоплъэкIри, си ужьым итыр нэхьыбЗэкIщ, ныскIалъэIэу, сафIэльагэу. А псор зэхуэзгъэкIуэху, нэгъуэщIхэм ар кьагъэсэбэпри, пIащIэу кьызбгъурокIри, сэпэ кьоувж. СыкъамыщIыху пэльытэу, кьыззмыплъэкIмэ, я напэр кьабзэу кьэна хуэдэ, ипэ итхэм фIэкIа кьрамыдзэу, мажIуэ. ЗыхуэжIуэм и бзэ IэфIыр ягъэщIагъуэу кьыпежьа кьудейуэ, абыи щхьэпрокIри, и дамащхьэр теуванIэу кьеГъэсэбэпыж, аращ, аргуэрыр игъащIэм имыщIыхуэ пэльытэщ, кьыкIэтыыкIуэу ар зи Iупэфлэгъуэ яп̀э итырщ.

А икIагъэ сльагъум си гур зэщIегъэу, зыми сыхуэмеину сещI. Куэд дэмыкIыну, макъыщхуэз ищIу, и Iэбжьанипщым лъыр кьыпльжу кьрадзыхьыж зыми зэрримыIысыр кьызыгурыIуахэм. Сэ аргуэру сольэпластхъэ. КьызощIэ нэхъ хьэлъэ сызэрыхьуар, сешауэ ара? Хьэуэ, зыгуэрым зыкьыскIэрищащи, си лъэтхъэмпэр нутIыпщыркъым, нутIыпщмэ, ехуэхьынущ. Сеплъыхьмэ, нэкIэ кьызоль̀эУ хьфIэзмыдзэну, гу лъызмитауэ фэ зыгъзогъауэри, кIэрыщIэнэр сщIыгъуу гъуэгум хызогъэщI. Дзыхьщыгъуафэу, быдзу зы кьудамэ нэхъ ин зэ сынэсамэ, зызгъэпсэхунт. Кьэзгъэутэщ, ерагъыу си псэр нызолъэфэсри, сотIыс. Тхьэмбылым изу зэ хуиту жьы жьэдэсшэну сынэсауэ арат, си яп̀э итхэм ящыщ зы кьыщызэджам. «УцIыщысыр сыт? Жьгым и щхьэкIэм дынэсынын кьэнэжа щымыIэу жаIэ», - жиIэу. «НтÌэ щхьэ дпIэщIэн хуей, сыт щыгъуп дыхущIыхьэнущ абы дынэсыну», - жызоIэ сэри.

«Узымыіэтыну кьудамэм утемысу, тэдж. Сыкьэпщэнщ а узытесыр жьыкъ пищIыкIмэ, укьэнэнщ итIанэ жыг щхьэкIэм нэсахэм уехьуапсэу, абы щыIэ фIыгъуэ зыльэгъуам хуэмыIуэтэщIыжу жаIэ, тэдж». Сыкьотэджри, пызощэж си гъащIэ гъуэгум, абы кьыщехуэхьыкхэм сэ сыщагъэльэпэрапи щыIэщ, ауэ си лъэбакъуэр цIыкIуми инми иджы кьысфIэIуэхужкьым. Си дежкIэ иджы нэхьапэр скIум и куэдагъэракьым, атIэ си пIэм сыэрримытырщ. Иджы сэ кьызгурыIуащ: мы жыг щхьэкIэм нэсаи ар зыльэгъуаи щыIэкъым, жыг абрагъуэм щхьэж хуэфэщэн увыпIэ щегъуэтыж. Хэт кьудамэ мэхъу, хэти пхъщэхьэмыщхьэщи, сэбэп кьыпIокI, хэти жьлгэщ, хэти тхьэмпэщи, жьым щIихурыкуэнкIыу егъэпсальэ, хэти гъэгъауэ и дахэгъуэу гъатхэ жьы хуабэм и Іэпэгъуу ирехьжьэри, абдеж абы теухуа хьыбарыр щеухьик... Иджыри а сызэрыкIуэщ, гъэщIэгъуэн куэдым сарохьэлIэ, сяпэ итахэм ящыщу хэти жыг гъэфэр трихащ, щэтинубыдэм мурадкIэ, апхуэдизкIэ псэунту хуейт, ифыщIащ гъащIэр, ауэ ар хэкIыпIэу щытамэ, псоми зыхахуІэнтэкъэ абы... КьудамэщIэ лантIэр кьысхуеизышэхэри щыIэщ, нэхъ псынщIэу зысIэтмэ я гуапэу. Сыхуейкьым, си гъэгур сэ езым скIужьынщ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

● Фэ фщIэрэ?

Бэлагъкіэ зэІащIэркъым

Нартыху пIастэ хуабэрэ бжьыныщхьэ укъэбзарэ шыгъум хагъаэуэрэ зышхрейхэр фIыуэ мэжей, абы лъыр фIыуэ зэрегъакIуэ, нэкIу зэлъахэми зрегъэшэщIыж.

* * *

Кьалмыкъ шей щщтырым адыгэ шатэ Іувыр хэпкIэмэ, тхъууэ мэжабзэ. Апхуэдэу мыхъун щхьэкIэ, шатэ Іувым псы тIэкIу хакIэ, зэащIэри итIанэ кьалмыкъ шейм хакIэж.

* * *

Ямылейуэ яльэса мэл е Іэщышхуэ лъатэм кхъуей щIагъуэу хихьжьынкъым.

* * *

Шатэкіэ ящIа шыпсыр щIэх зокIуэкIри, куэдрэ щыбгъэт хъунукъым.

* * *

Щэ щагъэвэжкIэ бэлагъкIэ зэІащIэркъым, бэлагъыпэр песыкIри. ЗэрыщэІыщIэн хуейр чымчыркIэщ.

* * *

Кьаз, бабыщ дагъэ гъэтIкIуар мафIэм иса щIыфэм щыпхуэмэ, нэхъ псынщIэу мэхъыж.

* * *

Лы щтар псым (хуабэми щIыIэми) халъхьэу кьагъэвыжыркъым - и Іэфlыр щIокI.

* * *

Шэ зэрагъэпщтыну хьэкъущIыкъум псы щIыIэ ирагъэжьхьы, шэр щIимысыкIын щхьэкIэ.

* * *

Джэдыкіэ ивыкIар псынщIэу псы щIыIэм хэплъхьэмэ, и фэр текIыгъуафIэ мэхъу.

КЪУБАТИЙ Борис.

● Хабзэм щыщ

Унэишэ

Мыр адыгэ хьэгъуэлIыгъуэм и пкъыгъуэ нэхъыщхьэ, нэхъ дахэ дыдэхэм ящыщ зыщ. КьрихьэлIэхэр хьэгъуэлIыгъуэр зейм я Іыхьлыхэмрэ я благъэхэмрэщ, а унагъуэм и ныбжьэгъуфIхэрщ, я кIуэнъужьгъуэхэрщ.

НысащIэр тешэм, тешэрыпIэм щыIамэ, унэишэр абы кьыщрашыжьым и деж занщIэу ящIырт. Ауэ ар зыщIыпIи ирамыхьэлIамэ, щаугъуэм и адэ-анэм я унэм занщIэу кьашамэ, унэишэр щекIуэкIыр, зэрыхьбзэти, зы тхъэмахуэ е тхъэмахуитI хуэдизнэхъ дэмыкIыут. А зэманым кьриубыдэу унагъуэм, Іыхьлыхэм зыхуэзгъэлIыгъуэм зыхуагъэхъэзырырт: зыхуей, зыхуэфI, фадэ, пIастэ. А зэманым нысащIэри Іуэхунэщу щыстэкъым. Гъунэгъуэм, хьэблэм дэхэм ягъэунэхурт, мастэрэ Іуданэрэ ищIэрэ, Іэпэщабэ, гулытэ хэль? Ауэ мыбы щыгъуэ апхуэдэ гулытэхэр ягъэнэІуащэртэкъым, Іуэхум кьыдэкIуэу, Іуданэрэ мастэрэ зэфIрагъащIэ хуэдэрэ, сабий гуэрым и щIыIур ирыгъэдэжьну нысащIэм и деж щIагъэхьэу арат.

Нысащ1эр яхуап̀э, бын узынпэ зыпIа фыз угъурлитIым абы и Іэблэхэр ящIыбыдри, щхьэтепхъуэ тельу, щIалэгъуалэм уэрредадэ жаIэу, ар и лэгъунэм кьыщIашри, фызхэр зыщIэс унэм яшэ. Ящэм Іэмал зимыІэ хабзэт нысащIэм фоч щхьэпрыгъуэкIыныр, зыщIашэ унэм и уэнжакъыр нэщанэ уапIэ ящIыныр - бзаджэнаджэр ягъащIэрт.

Пшынэ еуэу, Іэгуаэм щIэту, уэрредадэ жаIэу нысащIэр зы унэм (и пэшым) кьыщIаша нэужь, пщIантIэм и деж щызэтрагъэувыIэрти, абы джэгу машIэ хуэхахублэрт, итIанэ уэрредадэм щIадзэкьрти, адрей унэм (пэшым) яшэрт. Абы щIашэн и пэкIэ дэ, Іэфlыкlэ, ахъшэ жьгъей, хугу кьрапхьыхьырти, ар сабийхэм кьащIыпырт. Унэ ирашэри, абы и Іэблэр зыІыгъэхэри бжэщхъэІум теувэ хьунугъэкIыж, абы лъакьуэ ижькIэebэкъуэн хуейт.

Бжэщхъэ1ум ебэкъуа нысащIэр ныш яхIам и фэ щIынэм Іэмал имыІэу теувэрт. Фэр зэрагъэтIылъ хабзэр цыр кьыдэгъэзеяуэщ: фэм щыуэ тетым хуэдизнасыи нысащIэм мы унэ зыщIахьэм щIигъуэтэн хуэдэу. АдэкIэ нысащIэр хъэблэ, благъэ фызхэр зыщIэсым щIашэ. Нысащ1эм и щхьэтепхъуэр фызхэм ящыщ гуэрым еІэтри, мыдрейхэр зырызыхьхэу бгъэдыхьхэурэ абы йопль, йохъуэхъу, Іэпэ1э ирашэкI. Ауэ езы нысащIэм зигъэхьейрыкъым, Іэпэ1э кьыхуэзыщIэхэм я Іэхэри ирубдырыкъым. Абыхэм я Іэр ирубдымэ, щхьэзыфIэфI, тэмакъкIэщI хьуну, унагъуэр и унафэ щIигъуэвэным хущIэкъуну жаIэрт.

Пасэм щыгъуэ мыбы щIэс бзылъхугъэхэм унэ ирашэ нысащIэм и гущIэр хэту щытакъым. Аха̀р щызэтехьэри, щызэпсалъэри мыбы щыгъуэтэкъым. Абы щхьэкIэ гуащIэм щхьэхуэу техьэпщIи псэлъапщIи ищIын хуейт, унэишэ щыкIум ирихьэлIэу. Ауэ иджы мыдрей фызхэми ещхьу, гуащIэм и нысэм бгъэдохьэри Іэпплэ ирешэкI. Апхуэдэм деж гуащIэр бгыРыих гуэркIэ нысэм ирапх. Ахэр зэкIэратIэтыкIыжьын щхьэкIэ, гуащIэм и малъхъэ, и къуэ, ипхъу, и нысэ нэхъыжь хуэдизэ щхьацэхужьын хуейщ. Ахъшэр гуащIэм и жьп иральхъэ. Хабзэ зэрыхьуащи, абы и ужькIэ гъэфIэжу Іэнэ щхьэхуэ кьиуху̀н хуейщ.

Фызхэм нысащIэм фIэхъус-сэламыр ирахьн зэфIэкIа нэужь (языныкъуэ жьлэхэм ящ̀э ирагъэщ), Іуры-щIэльыр ящIырт. Мыбы щыгъуи нысащIэ цIыкIур хуэсакъын хуейт форэ-тхъурэ зэхэльым зэремыбзеиным. Абы еБэй нысащIэм хуагугъэрт ар нэпльыс-нIуСу, ныбаблэу, ныбэхуэфIу щытыну. Іурыщ1элъ зэрылъ шейщIэтыр фызым бжэщхьэІум и деж къыщежьэщIалэрэгъуакъым кьаритырти, абы щхьэкIэ зэныкъуэкъуу, зэІэпщанкIуэу ирахьэкьэрт, илъыр яшхамэ, хьэкъуащыкъур традзэрти якъутэжырт.

А псор екIуэкIыхукIэ, щIалэгъуалэм щIыбым джэгушхуэ щащIырт, щауэм и щыпхъу унэ ихьаэр, а льэпкъым япхъу кьэкIуэжауэ хьэгъуэлIыгъуэм хэтхэр кьафэгъэрэ пхъужьыбжьэ кьыІахьыу. А бжьэр яхуапэуи щытащ, щIыхъухъуэм кьагъэсэбэпын хьэпшыпи щIыкIуфэкIуэхэр кIэращIэу.

А щIыкIэм тету Іурыщ1эльри, пхъужьыбжьэ кьыхэхьинри зэфIэкIамэ, нысащIэр аргуэру уэрредадэр жаIэу, пшынэ еуэу, Іэгур трагъэщанщу и Іэгъуэнэм яшэжьрт.

МАФIЭДЗ Сэрэбий.

● Хъуэхъу

ПщIэ зыхуэтщI Балэ Людмилэ!

Нобэ зи махуэшхуэр зыгъэхьапIэ, илъэс куэдкIэ егъэджэныгъэ ІэнатIэм псэ хьэлэлкIэ хуэлэжьа, егъэджакIуэ псоми фIыуэ тлъагъу цIыхум дыноХъуэхъу уи дунейр дахэу, узынщагъэ уиІэу, уи Іэнэгур берычэту куэдрэ упсэуну. Уи гур зэІухауэ цIыхухэм уадокIуэкIри, абы и сэбэп къоКIыну, уи унагъуэ дахэм гу щIпхуэну, уи гурылъ псори къоХъулIэну ди гуапэщ.

Адыгэбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэхэмрэ уи ныбжьэгъуэхэмрэ.

●Шхыныгъуэхэр

БжьынгъэцIыв

Гуэдз хьэжыгъэрэ нартыхуэ хьэжьигъэрэ ящхуэ̀нщI, кьыркуэ мыхъун щхьэкIэ, бжэмышхкIэ зэІащIэурэ шэ хуабэм хакIутэри, кьэкъуалъэу шыуаным ит шэм хакIэ. Зэ̀Іащ1эурэ дакьинкъэ 15 - 20-кIэ кьаГъавэ. Абы и ужькIэ шыгъу, щимэ цыкIуурэ упшэта, тхъукIэ гъэлыбжьа бжьын халъхьэ. И щхьэр трапIэри, аргуэру дакьинкъи 4 - 5-кIэ кьаГъавэ. Пщтыру яшх. Пластэ, мырамысэ, щIакхъуэ даш.

Халъхьэхэр (цIыхуитI Іыхьэ):

тхъуэ̀ - грамм 50,

адыгэ бжьын хужь укъэбзауэ - грамми 100,

нартыху хьэжьигъэу - грамм 20,

гуэдз хьэжьигъэу - грамм 20,

шэ щIэмыхуу - грамм 300,

шыбжий сыр хьэжауэ, шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.

ТебэкIэ гъэжьа лы Іыхьэхэр

Абы щхьэкIэ узыхуейр дзажэ лъабжьэм кьыщIэкI лыпIэрэщ, адыгэхэр кьанжэуэпIэкIэ зэдзэкI. КIэмпIрафэр трахри, лыр Іыхьэуэрэ зэпаупщI - хуэхьурей щыкIэу, нартыху лжьымыл ещхьу, и Іувагъэр см 3 - 4, и хьэпlагъыр г 100 - 150-рэ хьууэ. Лы Іыхьэхэр яшэу, шыбжий трауэдэри, фIыуэ тетуэтыхьурэ хагъэхьэ, итIанэ тебэм ит тхъу кьэплъам халъхьэри тебащхьэр тепIауэ дакьинкъи 2 - 3-кIэ яГъажьэ, зэрагъэдзэкIри аргуэру дакьинкъитI хуэдизкIэ, тхъуэплъ хьуху, яГъажьэ. Лы Іыхьэ жьар тебэм кьрахри тепщэчым иральхъэ, зэрагъэжьа тхъури щIакIэж, абы и щIыIум тракIэ щатэкIэ щIа бжьыныху шыпс. Пластэ, мырамысэ хуабэ дашх.

Халъхьэхэр (зы цIыху Іыхьэ):

лыпIэу - грамм 300,

тхъуэ̀ - грамм 30,

шатэу - грамм 50,

бжьыныху укъэбзауэ - грамми 10,

шыгъуу, шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхьылъым кьитхьжащ.

Псалъэзэблэдз

Дыгъэгъазэм и 8-м ди газетым тета псалъэзэблэдым и жэуапхэр:

БкIуэкIыу: 3. Курыбо. 6. Губгъэн. 9. Баш. 11. Тэрэзэ. 12. Накьыр. 13. Фэндырэ. 14. Апрыкъ. 16. ШкIумпI. 19. Гъымбу. 21. Сэшхуэ. 22. Хуэщан. 24. Хьэкъырш. 25. Кьэдабэ. 28. Шэрдж. 30. «Льапсэ». 31. Хьэщыкъ. 32. Бжей. 34. Хуаерэ. 35. Хьэнтхъупс. 37. Алабгъуэ. 39. Уэнжакъ. 41. Ауз. 42. Жьзум. 43. Іэнлъэ.

Къехьу: 1. Аркъэ. 2. Хьэлькъ. 4. Бжьэф. 5. Ванлэ. 7. Банэ. 8. ЖэнэзыщI. 10. ЕрыпIынэ. 15. Кьру. 16. Шэху. 17. Псырыльэ. 18. Кьэрэгъэш. 20. Бжьэпэ. 23. Щыблэ. 26. Хьэмбылу. 27. Дыкъуэнагь. 29. Джей. 31. Хьэху. 33. Щтаучч. 35. Хьэлу. 36. Сурэ. 38. Бжьыш. 40. Нальэ. 41. Хьэпщхупщ. 22. Іуэху къэхъуа гуэр зи нэгу щIэкIа цIыху. 23. Мэлым, бжэным кьахыхьэ узыфэ, я пIэм икIэрэхъуэхьу. 24. Губгъуэм кьыщрахьэлIэ гъавэр пIалъэкIэ щыгъэтракIуэ щIыпIэ. 25. Ар псэхэлъхьэжь жаIэ. 28. КIапсэ псыгъэабзэ. 30. Ди гъунэгъу щIалэм Іэпкъльэпкъ ... иІэщ. 31. Нартыху хьэжьигъэ гъэлыгъуа. 33. Адыгэ льэпкъым хэткъым а уиэщIэр зезыхьэм нэхърэ цIыху нэхьыбэ кьызэщIэзыубыдэ. 34. Мусльымэн диным зэрыжиІэмкIэ, зи щIалэгъуэр имыкIыу жэнэтым ис тхъІуХуэд. 35. Зи фэм щыз, лыщхуэ зытелъ. 37. Адыгэ драматург цIэрыIуэ. 38. Бийм и мылькуу, и Іэщэфащэу текIуаэм кьаІэрыхьам апхуэдэу йоджэ. 40. Кьэбэрдей-Балькъэр кьэрал университетым и ректору щыта. 44. ... и пыІэ щхьэрыхумэ, хьІыгъэжыркъым. 45. УиэльащIэм щыщ.

Зэхэзылъхьар

МЫЗ Ахьмэдщ.



● Щыхухуэхэм я гупсысэхэр

Ныбжьэгъугъэм и нэр щыщыуэ къэхъуркъым

ЗдэкIэ лъэныкъуэр зымыщIэж цIыхум жьы кьепщэр гъэгуэгъэ хуэхъунукъым.

Сенекэ.

Цыхур тIэу псэукъым ауэ а зэми мыпсэуфыр куэдщ.

Рюккерт Фридрих.

ГъащIэр, щIалэгъуэм и нэкIэ - кIэ зимыІэ кьэкIуэну гуэрщ, хэкIуэтам и нэкIэ - блэкIа кIыщI гуэрщ.

Шопенгауэр Артур.

Кьэбгъэщlар кьыІэрупщынур итьэсэркъым, атIэ Іуэхуфlхэрщ.

Шерндан Ричард.

Ныбжьэгъугъэм и нэр щыщыуэ куэдрэ кьэхъуркъым.

Вольтер.

Губзыгъэр куэд щыщIэракъым, атIэ ищIэр кьэзыгъэсэбэпыфырщ.

Эсхил.

СэркIэ губзыгъагъэр нэхъ гъаПэщ дыщэм нэхърэ.

Демокрит.

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирщ.

● Чэнджэщхэр

ЛIыфI зи тхъэмадэ лъэпкъым и пщIэр инщ

мыхъунур уи лъэпкъым кьытехьэ лейрщ.

Зи бзэ зыфIэкIуэдам цIыхугъэм и нэхъ лъапIэм щыщ хощI.

ГУБЭЩIЫКI Владимир.

● Гукъэкlыжхэр

Си адэ Къэрмокъуэ Мухьэжидрэ Хрущев Никитэрэ

А тIум нэхъ зэмышхъ мы дуНеишхуэм цIыху тетауэ кьыщIэкIкIынкъым. Ауэ тхакIуэхэм я гупсысэм Іэджэ кьыззщIеубыдэри, абы хуэдэ зыгуэрщ мыри.

Егъэлеяуэ махуэ хуабэ гуэру кьуажэм сыкIуэжащ. Ди куэбжэм сыІулъэдэжри, ди анэзэпIэсыр щытти, «Ди адэр зэ щыІэ?», - жиІэри сеупщIащ.

- Мэжджэтым нэмэзыщI кIуащ, - щыжиІэм, сыпежьащ къэсшэжьину. Моуэ мэжджэт дыхьэпIэм сыщынэсым, ди адэри кьыщэкIыжьрт.

«Мы хуабэзхьым даэ сыкIуэжьину жысIэу, сыщхьэхьэрт», - жиІэри гуфIащ. КъизгъэтIысхьэри гъуэгушхуэм дыкъытехьэжауэ, и ныбжьэгъу лIыжьыр зыхэт гупым дакьылъэщIыжьащ. Гъэгум адэкIэ щытт ахэри, къэзгъэувыIэри кьитIысхьэну дыщеджэм, дыкъэсыжащ жаIэри ядакъым. Зы лIыжь дыдэ яхэтти, ари адэ кIуэфрэ щыжысIэм, ди адэм идакъым, и псапэм хегъахъуэ жери.

Абы кьытехьеикIри, ди псальэр куу хьуащ, «а лIыжьыр уи Хрущев нэхърэ нэхъыфIщ...» кьызжиІащ ди адэм.

Ди псальэр куу хъууэрэ, политикэм и курыкупсэм дыхьыьащ. Ди адэм апхуэдизэ хищIыкIыу сщIакъым къэралым щекIуэкI мыхъумыщIагъэхэм. Жэмыжь закьуэр ятрихьну зэрыхуэжьари, тыкуэным щIэлъ тхъуцIынэр кьащIэхуурэ ягъэвэжурэ кьэралым зэрыратыжри, тыкуэнтетхэм план зэрыгралъхьэри... Іэджэм я щIэхэфэ иІэбэри, «Америкэм дылъэщIыхьэжынщ» жаIэу махуэ кьэс радиокIэ кьэтт уэрэдым нэсыжащ.

Сэ Хрущев сыуб зэрымыхъунур сщIэжыри, ди адэм сыдрежьуртэкъым. А лIыжьым нэхъ-рэ Хрущев сыхуэзащэ нэхъ кьыззрысщтэм сыхутемыкIыу ди псальэмакъыр дыухри, сэри пщыхьэщхьэ хьуху сабгъэдэсри, Налшык сыкъэкIуэжащ.

Ауэрэ зэман дэкIри, кьуажэм сыкIуэжауэ:

- Уи ныбжьэгъу дауэ щыт? - жиІэри ди адэр кьызэІупщIащ.

- Псори фIыщ, - жысIащ кьызэдэлажэ, си ныбжьэгъу зыкъом ицIыхурти, абыхэм ящIэупщIэ си гугъэу.

ИтIанэ зыбгъэдэс стIолым и тепхъуэр еІэт, зы сурэт кьыщIэхри, кьысхуэший. Хрущев щэнт щхьэгуэ гуэр тесу, фейцейуэ хуэпащу, пыІэ упIышкIуэ гуэри щхьэрыгъуэ кьищырт сурэтым.

- Ара фIыр! А лIыжь умыдар иджыри нэмэзыщI нокIуэ. Уи Хрущев кьулыкъым кьытрахри, кьуакIэм дахуэжащ, - жиІащ ди адэм.

КЪЭРМОКЪУЭ Мухьэмэд.